**दिन–गुरूवार** **दिनांक–08.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय सशस्त्र बल आइ भोर पाकिस्तानक कतेको स्थान पर वायु रक्षा रडार प्रणाली सभ के निशाना बनौलक। एहि मे लाहौर मे एक वायु रक्षा प्रणाली के निष्प्रभावी कऽ देल गेल अछि। कर्नल सोफिया कुरैशी भारतीय सेना, भारतीय वायु सेना आ विदेश मंत्रालयक संयुक्त प्रेसवार्ता मे ई जनतब देलनि। कर्नल कुरैशी जनौलनि जे पाकिस्तान काल्हि राति ड्रोन आ मिसाइल सभ सँ अवंतीपुरा, श्रीनगर, जम्मू, पठानकोट, अमृतसर, कपूरथला, जालंधर, लुधियाना, आदमपुर, भटिंडा, चंडीगढ़, नल, फलौदी, उत्तरलाई आ भुज सहित उत्तरी आ पश्चिमी भारत मे कतको सैन्य ठेकान सभ के निशाना बनेबाक प्रयास कयलक, जकरा निष्प्रभावी कऽ देल गेल। कर्नल कुरैशी जनौलनि जे पाकिस्तान जम्मू–कश्मीरक कुपवाड़ा, बारामुला, उरी, पुंछ, मेंढर आ राजौरी सेक्टर मे नियंत्रण रेखाक लऽग पास बिना कारणे गोलीबारीक तीव्रता बढ़ा देलक अछि। पाकिस्तानी गोलीबारी मे सोलह लोकनिक जान चलि गेल अछि। एहि मे तीन महिला आ पांच बच्चा सम्मिलित छथि। भारत समुचित जवाबी कार्रवाई कयलक अछि।

---

ऑपरेशन सिंदूर पर आइ बजाओल गेल सर्वदलीय बैसक मे सभ राजनीतिक दल आतंकवादक विरूद्ध भारतीय सेनाक जवाबी कार्रवाईक प्रशंसा कयलनि आ एकमत सँ अपन समर्थन जतौलनि अछि। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह के अध्यक्षता मे संसद मे भेल एहि बैसक मे विभिन्न दलक नेता सम्मिलित भेलाह। श्री सिंह पाकिस्तान आ पाकिस्तान अधिकृत जम्मू–कश्मीर मे नओ आतंकी ठेकान सभ पर भारतक हमला संबंध मे जनतब देलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ राष्ट्रीय सुरक्षा सँ संबंधित हालक घटनाक्रम के ध्यान मे रखैत राष्ट्रीय तैयारी आ अंतर–मंत्रालयी समन्वय के समीक्षाक लेल सरकार के विभिन्न मंत्रालय आ विभागक सचिव सभक संग उच्च स्तरीय बैसक के अध्यक्षता कयलनि। एहि मे ओ परिचालन निरंतरता आ संस्थागत परिवर्तनशीलता के बनाओल रखबाक लेल मंत्रालय आ

एजेंसी सभक मध्य निर्बाध समन्वय के आवश्यकता पर बल देलनि। ओ मौजूदा स्थिति सँ निपटबाक लेल मंत्रालयक योजना आ तैयारीक समीक्षा सेहो कयलनि।

—————————————————————

राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल आइ नव दिल्ली मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ हुनक आवास पर भेट कयलनि। ई भेट पाकिस्तान आ पाकिस्तानक अवैध कब्जाबला जम्मू–कश्मीर मे आतंकबादी ठेकान सभ पर भारतक कार्रवाई के एक दिन बाद भेल अछि।

—————————————————————

ऑपरेशन सिंदूर के बाद बिहार मे हाई अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय सभ पुलिस अधीक्षक आ रेल एसपी के विशेष चौकसी बरतवाक निर्देश देलक अछि। नेपालक सीमावर्ती क्षेत्र मे विशेष एहतियात बरतवाक आ सघन चेकिंग अभियान चलेबा के लेल कहल गेल अछि। एकर अतिरिक्त सभ प्रमुख रेलवे स्टेशन, हवाई अड्डा आ सार्वजनिक आओर संवेदनशील स्थल सभक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। संगहि, अफवाह सभ के लऽकऽ सर्तकता बरतवा आ सोशल मीडिया पर सेहो निगरानी बढ़ेबाक निर्देश देलक अछि।

—————————————————————

केन्द्र सरकार पाकिस्तान द्वारा सोशल मीडिया पर चलाओल जा रहल कतेको झूठ खबरि सभक प्रति आम लोकनि के आगाह कयलक अछि। सरकार जनौलक जे लोक सभ के कोनो भ्रामक सूचना पर विश्वास नहि करबाक चाही। जँ किनको भारतीय सैन्य बल सभ सँ संबंधित वा एखुनका स्थिति सँ जुड़ल कोनो संग्दिध जनतब भेटैत अछि तऽ ऐकर सूचना पीआईवी फैक्ट चेक के देल जा सकैत अछि। लोक एहेन सामग्री के व्हाटस्ऐप नंबर– आठ सात नओ नओ सात एक एक दू पांच नओ आ ईमेल आईडी–सोशल मीडिया ऐटदीरेट पीआईवी जीओवी डॉट इन पर सेहो साझा कऽ सकैत छथि।

—————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे महाराष्ट्र अठारह स्वर्ण सहित अड़तालीस पदक के संग पदक तालिका मे पहिन स्थान पर अछि। ओतहि, मध्य प्रदेशक टीम राजस्थानक संग संयुक्त रूप सँ दोसर स्थान पर अछि। एखन बिहार चारि रजत आ पांच कांस्य पदक के संग पदक तालिका मे उन्नैसम स्थान पर अछि।

समाप्त